Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 5 (7301)
2 февраль 2018 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## РДялъул АТКялъул Комиссиялъул данделъи



Араб анкьалда Унсоколо районалъул бетIер, терроризмалде данде чIеялъул Комиссиялъул пред. ГI. НурмухIамадов гIахьаллъана РДялъул Терроризмалде данде чIараб Комиссиялъул заседаниялда. Гьелъул иналъе нухмалъи гьабулеб букIана Дагъистаналъул БетIерасул ишал тIуралев Владимир Васильевас ва Россиялъул ФСБялъул Миллияб терроризмалде данде къеркьолеб Комиссиялъул аппаратаялъул нухмалъулев Игорь Сироткиница. Заседаниялда аслияб темалъун букIана «2017 соналда гьарурал х1алт1абазул х1асил ва гьаб соналда цере чIарал масъалаби»,- абураб.

Заседание рагъулаго В. Васильевас тIадчIей гьабуна араб соналда республикаялда росарал лъикIал хIасилазда, бихьизабуна: -Гьель къучI лъолеб буго хадубккунги кинабго рахъалъ хасго экономикаялда ва обществеността[л]да цере-тIеял лъугьиналъе. Араб соналъул ахиралда гьарурал хIукмабаз рес къуна профилактикиял хIалтIаби камиллъиялъе ва регионалда терроризмалъул хIинкъи тIагIиналъе. «Заня-тосталъул рахъалъ – гIадамал хIалтIудалъун хьезариялда хурхун лъикIго хIаракатчилъиза-бун буго терроризмалъул идеологиялъул асаралда гьоркье ккарал гIа-дамазулгун гьабулеб профилактикияб хIалтIи». Гьединго Васильевас цо-цо районазда комиссияз жигараб хIалтIи гьабунинги бихьизабуна. -Гьелъул хIасилалда лъикIлъун бачIана РДялъул НАКалъул ва АТКялъул аппаратаялъ цадахъ рекъон гьабулеб хIалтIи, гьоркьоб къотIун буго гIолилазул бандгруппаялде гьоркьоре ин.

«ХIисаб къеялъул заманалда аслияб кIвар къун букIана транспорталдасан гIадамазе зарал ккунгутIиялде. Гьаб соналъул байбихьудасанго СКФОялъул Роспотребнадзоралъул Управлениялъ транспорталъул, инфраструктураялъул закон цIуниялда ва нухазда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул мурадалда хIалтIа би гьарулел руго. Гьединго хIалтIаби гьаруна гIемерал гIадамал рукIунеб бакIалда гьезие хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе. Дагъистаналда бугеб АТКялъ хIалтIи гIуцIулеб буго оперативияб штабалъгун цадахъ. Гьелъ мониторингалда гIахьаллъун, терроризм лъугIизабиялъе цоцазе информацияби къун, цадахъал заседаниял тIоритIун, рагъараб хIалтIи гьабуна,-ян бихьизабуна Дагъистаналъул БетIерас.

Терроризмалде данде гьабулеб хIалтIуе къимат кьолаго гьес бихьизабуна: РДялда АТКялъул аппаратаялъул хIалтIи бачун бугин хIасил къоледухъ. -Гьеб рахъалъ 2017 соналъул план тIубазабун буго. Лъазарун руго хадуркку[н] кIвар кьезе кколел рахъалги. 2018 соналда АТКялъул хIалтIи гьабулаго кIвар кьезе буго ругел гIунгутIаби лъугIизариялде. КIвар кьезе буго гIадамал терроризмалъул хIинкъиялдаса цIуниялде, хасго РФялъул Президент вищулаго, халкъиял оперативиял тадбирал тIоритIулаго ва гь. ц.

Жиндирго иргаялда ФСБялъул нухмалъулев И. Сироткиница бихьизабуна Дагъистаналда терроризмалда данде гьабулеб хIалтIи рукIалиде бачIун бугин, амма цо-цо хIалуцинал ругин. Гьес ракIалде щвезабуна гьал къоязда республикаялда цо банподпольялъул бетIер чIванинги, тIадчIей гьабуна гьелдалъун цойги терракт ккезе биччачIин. –Амма гьелъул хIинкъи жеги т1агIун гьечIо. Араб соналда чанго гьарачагIилъун рукIине бегьулел лъазарун рукIана. Гьединал кIочон тезе бегьуларо.

«Жеги букIине бегьула халкъазда гьоркьосел эмиссаразул хIаракатчилъиги. ЛъагIалил авалалда лъазарун ва тIагIинарун рукIана гьединал «къижарал ячейкабазул» республикаялда бугеб къадар (ИГИЛалъулал).

Ахиралда Сироткиница тIадчIей гьабуна гьабураб хIалтIуда, мониторингалъул хIасилазда. КIвар буссинабуна гIадамалги объекталги жеги цIунизе ккеялде.

Заседаниялда гьединго кIалъана РДялъул БетIерасул гIакълучи ГI. Фейзулаев.

## Терроризмалда хурхараб суалгун



30 январалда «Унсоколо район» МОялъул бетIер, Антитеррористическиб Комиссиялъул пред. ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана терроралде данде чIараб Комиссиялъул заседание. Гьоркьоб лъуна гьеб Комиссиялъ 2017 соналда гьабураб хIалтIул хIасил.

Заседание рагъулаго ГI. НурмухIамадовас бица на цадахъ рекъон гьабураб хIалтIул хIасилалда районалда ахIвал-хIал лъикIлъанилан. Гьелъ рес кьола районалда экономикаялда ва общественнияб сфераялда лъикIаб рахъалдехун хиса-басиял ккезаризе. Гьелдаго цадахъ, лъикIал хIасилазухъ балагьичIого хIалтIи гьабулеб буго районалда терроризмалъул хIинкъи тIубанго лъугIизабиялда хурхун. ГI. НурмухIамадовасул рагIабазда рекъон бихьуледухъ лъикIлъана терроризмалъул идеологиялдехун гьетIарал гIадамазулгун хIалтIи гьаби, лъикIлъана террористаздаса батIи-батIиял объектал цIуниялъул хIалтIиги. АТКялъ ва «Унсоколо район» МОялъ 2017 соналда гьеб суалалда хурхараб план тIубазабуна. Гьелдаго цадахъ жеги тIатунел руго тIад кIвар кьезе кколел рахъал. 2018 соналдаги АТК ва «Унсоколо район» МОги хIалтIизе руго районалда ругел объектал, гIемерал гIадамал руссунел бакIал, хасго рищиял тIоритIулел участкаби цIуниялда тIад,-ян абуна районалъул бетIерас.

Жиндирго иргаялда Унсоколо районалда бугеб ОМВДялъул нач. М. МухIамадовас тIадчIей гьабуна 2017 соналда терроризмалде данде чIеялъул хIалтIи гIодобе биччараб ахIвал-хIалалда иналда, бицана жеги гIодоре риччан чIезе бегьунгутIиялъул. Хасго кIвар къуна районалда терроризмалъул жеги «къижарал ячейкаби» рукIине бегьиялда, гьел тIатинариялда ва гьезда гьоркьоб адреснияб къагIидаялъ профилактическияб хIалтIи гьабизе ккеялда. Хадубги гьес ахIана гIемерал гIадамал дандеруссунел, хасго рищиял тIоритIулел бакIазда ва объектазда цIодорго рукIине ккеялде.

Заседаниялъул хIасилал гьарулаго къабул гьабуна 2018 соналъе АТКялъул ва «Унсоколо район» МОялъул план. Гьениб хIисабалде росун руго НАКалъул, РДялъул АТКялъул, терроризмалде данде чIеялъул Комиссиялъул киналго рихьизариял.

## Баркула тIадегIанаб шапакъат



Араб анкьалда букIана РДялъул Халкъияб Собраниялъул анлъабилеб нухалда ахIараб I6 сессия. Гьенив гIахьаллъана Дагъистаналъул БетIерасул ишал тIуралев В. Васильевги. Гьес РДялъул Халкъияб Собраниялде нилъер районалъул депутат М. МухIамадовасе «АхIулгохI» мемориалияб комплекс баялъулъ гьабураб жигараб хIалтIуе гIоло къуна «За любовь к родной земле» абураб ХIурматияб гIаламат.

«Унсоколо район» МОялъул администрациялъул ва СМИялъул хIалтIухъабазул рахъалдасан баркула М. ГIадулмажидович, Дуда пачалихъияб шапакъат. РакI-ракIалъ гьарула, Дуе, халатал саназул гIумро, лъикIаб сахлъи, талихI, рохел, битIккей, хIаракатчилъи гIагараб ВатIан тIегьаялъе гьабулеб депутатлъиялъул ишазулъ!

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 5 (7301)*

*2 февраль 2018 сон*



Бищунго къиматал махщелазул цояблъун ккола учителасул махщел. Учителас нилъ гIумроялъул битIараб нухдасан рачуна лъимерлъиялдаса байбихьун гIолохъанлъиялде щвезегIан. Гьес щибаб кьоялъ нилъее кьола лъаялъул цо бутIа, рекIел хинлъи, ругьун гьарула адаб-хатиралде, лъикIабщиналде. ЛъикIав учитель абадиялъго хутIула лъималазул рекIелъ. Гьелъги батила нилъеца гIорхъи гьечIеб адаб-хIурматгун ракIалде щвезарулел нилъерго тIоцересел учительзаби ва школа. Щаклъи гьечIого гьединаздасан цоявлъун ккола гъоркьехун нижеца бицен гьабулев Эхо Камалудиновги



# Нахъа тарал лъалкIал



Эхо Камалудинов

**ГIумроялъул борхалъуде вахиндал щивасе бокьула жинцаго нахъа тараб нух хIалигъараб батизе. Санал анагIан битIаралде цIалелъулха инсанасул ракI. Гьеб тIамураб куцалъул лахIзатаз рохизаризе лъиеха бокьилареб. ЦIатIанихъ росулъа захIматалъул ветеран Эхо Камалудиновасул абуни гьеб жиндаго гIумрогIанги цIалулеса чIалгIунареб буго.**

**93 сонил гIумроялда вугониги Эхо вуго лъикIаб сахлъиялда, гIакълу-лъаялда. КIалъала махсаро-хочIгун, аралъул бицеян гьарани разиго гьимула, гьирагун щибаб аслияб кьо-моцIцин кьосинчIого бицуна. Гьесул гIумроялъул нух лъайдал дица хIисаб гьабуна жигараб хIалтIуца батилин гIолохъанчиясул гIадаб ракIалда жо чIейгун Эхо вугев,-абун.**

**ГIолилазда лъан букIине гIумроялда бихьараб-таралъул бицани бокьилаан,-ян абидал, «кваназеялдаса бокьула дие гьеб ракIалде щвезабизе»,-ян абуна гьес. Гьедин нижеца гьоркьехун кьолеб буго Эхо Камалудиновасул гIумроялъул нухалдаса цо-цо лахIзатал.**

1925 соналда ЦIатIанихъ росулъ гьавуна Эхо Камалудинов. ГIумро лъазе, гьелъулъ лъедезе гьира бугев васас жинцаго балагьулеб букIана лъай босизе ва гIумро лъазе ресал. Эбел-инсуца гьесул гьира-цIаги бихьун Эхо витIула Генуб росулъ рагьараб интернаталде. Доб мехалъ гьелъул директорлъун вукIана ТIелекьа ГIабдуразакъов абулев чи. БачIинахъего гьес гьасда гьажалда кверги кIутIун абула: «ЦIакъ гIакъло бегIерав вас вихьула, рикIкIаде ина»,-абун.

Ахиралде щолел рукIана КIудияб ВатIанияб рагъул санал. ЗахIматаб ахIвал-хIалги ракъиги тIибитIун букIана киса-кибего. Жидецаго магIишат гьабизе лъикIаб рес букIинегIаги батила, санагIатал бакIазде гочинаризе байбихьана росаби. Гьедин районалдаса гочинаруна ЦIатIанихъ, Колоб, ИнкIкIвалитIа росаби. Эхол букIана доб мехалъ гIицIго I5 сон.

-Доб букIана 1944 соналъул 9 апрель,-ян ракIалде щвезабуна гьанже Эхоца. Гьеб кьоялъ кьватIире рахьана цIетIен Чачаналде. Бицун бажариларо нухда бихьараб кьварилъиялъул. ХIари габурлъухъ, Данухъ батана гIазул гIансал тIамун. Гьенисан нух бахъизе кIоларого бихьанщинаб гIакъуба!. Щивасул дагьа-макъабго кьайи-цIаги лъун нижер букIана I6 гьоко. Гьезул малърал цIулал рукIиналъ гъурун ун гьелгин Буртиналде щвелалде щуго гьоко хутIана. Бусен-къайи, ретIел-хьит, ай гIемерисел хIажатал жал гIадамаз гьенире росулел рукIана хIамида яги гIакдада тIад къан. Кумекалъе рукIана Унсоколоса ХIамзат, ГьаракIуниса ГIусман. Гьес кумекалъе бачIана лъабго хIамаги кIиго гIорцIенги. Гьедин унаго Чачаназул Рилълъаб районалъул ниж чIезе ругел Махухутор росулъе щвезе нухда бана I8 кьо, ай щвана доре 27 апрелалда. КIиго сордо-кьоялъ нух бахъизе кIвечIо нижее бихьизабураб росулъе хIарщул кутаклъиялъ. Гьениса гочаразул 670 хозяйство гочинабун бугоан Казахстаналде. Кодоб рекьаризе техника яги пуруц-рукь гьечIолъиялъ бегIераб тIил ракьулъги къазабун гьелъ рахъарал картIахъе рехулаан цIоросаролъ. Гьеб соналъ ккалан баккичIо бекьараб цIоросаролъ. ЦIикIкIараб регьел букIиналъ турулаан гьеб ракьулъ. Лъабго соналъ букIана ракъи. Хадуб щибаб хозяйствалъе кьуна микь-микь пуд цIоросаролъил. Гьелъ дагьабго кверчIвай ккана гIадамазе. Хадусел саназ щвана рекьарулел алатал, дагьабго мадаралде бачIана гIумрояшав. Амма тIибитIун букIана унти. Гьелъ гIемерал гIадамал хвана. Нижеда аскIоса гIереде рукIана ЦIумада, ЦIунтIа ва цогидалги тIадехун районаздаса гочинарурал гIадамал.

Щивав чорхолъ бугеб гьунар-махщелалда рекъон цеветIола. Гьанжего гьанже михьида хIур чIвалев гьитIинав гIолохъанчи Эхо Рилълъаб районалда рикIкIунаан бищунго бажари бугездасан цоявлъун. Гьев тIамуна чанго росдадасан данде гьабураб школалъул директорлъун. I945-67 саназда Эхо Камалудинов рикIкIунаан районалъул цогидал школазда гьоркьов цеветIурав директорлъун.

Дагь-дагьккун Казахстаналдаса тIад руссун рачIине лъугьана чачанал. Гьез жидерго росабалъе, рукъзабахъе рачIун ратараздехун лъазабизе лъугьана рокьукълъи. Ккезе лъугьана гIиси-бикьинаб дагIба-рагIи. Цо нухалъ лъукъун батана Эхол чу. Дагьалъ хутIана гьалмагъир ккечIого. Гьединаб бакIаб хIал сверухъ лъугьиндал гьаз къасд гьабуна жидерго бакIазде тIад руссине. Гьединаб пикругун Эхо кьватIиве вахьана хIакимлъиялда дандбазе. Ана Грозныялде, гьенисан вачIана МахIачхъалаялде. Лъазабуна бугеб хIал. Бугеб хIалалъухъ балагьизе рачIана Данялов ГIабдурахIман, ГIумаханов. Кумекалъе аскIов чIана М. Гьиматовги. Чачаназ лъазабулеб букIана кьал ккечIого киналго нахъе а,-ян. Гьедин Правительствалъ хIукмо гьабуна гьал тIад руссинаризе. -Чачаналда бана I3 сонги кIиго моцIги 23 къоги,-ян бицуна Эхоца.

Росдал гIемерисел гIадамал тIад руссунаго чIана Хасавюрталда, гъутабазда, дагьалго гIадамал тIад руссана росулъе. Квер тIаса босараб росу чIунтун букIана, рукIана риххарал къадал, тIутIурал тIохал. ХIукуматалъ I500 гъурущ кьуна щибаб гочараб хъизаналъе цебесеб магIишат рукIалиде ккезабизе. Гьедин цIидасан гIуцIизе ккана магIишат. Ансадерил гIи-боцIигун батана цебе букIараб ферма. Гьениб къачIана школалъе бакI. Гьелъул директорлъун тIамуна Эхо, гьебго заманаялъ тIад къана парторглъиги, колхозалъул председательлъун тIамуна ХIусен абулев вас.

60 абилел санал. Хабар баккана Унсоколо район Хьаргабие рехулеб бугин, ай гьедин цоцазде рехулел рукIана районал. Районалда гьединаб ахIвал-хIал бугеб мехальги вуцIцIун гIодов чIун вукIине кIвечIо Эхода. Гьиматов МухIамадгун цадахъ ана ГI-Р. Даняловасухъе. Хъвана тIадегIанал органазде. Кинго къабул гьабураб хIукмо хвезабизе бажаричIо. Амма кIиго сонидасан цIидасанги район Унсоколобе бачIинабизе кIвана.

Районалъул политикияб гIумроялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабулаан Эхоца. Школазда директорлъиги гьабуна ЦIатIанихъ, Балахъуни, МокIсохъ, хIалтIана авар мацIалъул учительлъун 60 соналъ. –МагIарул мацI лъималазда малъизе бокьуларел эбел-эмен рихьидал щим бахъуна дир,-ян абула Эхоца. Жиндирго рухIалъул рахьдал мацI бицунарел гIадамазул кьучI кинаб букIунеб? Эбелги, ВатIанги, рахьдал мацIги буго нилъер щивасул рухIалъулъ, бидулъ рукIунел чIаголъаби, гьеб бицине гьукъун гIурал лъималазул щал гIадамал рахъинел?! Гьединазда дица абилаан магIарулабги тарав, гIурус мацIги бичIчIичIев, сундулго магIна лъаларев хIехь,-абун. Дун аварав ватани Р. ХIамзатовас абухъего: «Щай магIарул чияс магIарул гъасда ГIурус мацI бицунеб» дида бичIчIуларо. Киб бугеб гьев чиясул кьучI! МагIна!

Эхо Камалудинов вуго районалъул «Ахихъан» газеталъул лъикIав гьудулги. Унсоколо росулъ райадминистрация бугеб мехалъ бетIерасул приемниялда ватана дида гьев. Дун йикьидал каранда кисиниса бахъун бачIана сукIараб «Ахихъан» газета ва абуна: «Гьалда батула дида районалда лъугьараб-тарабги, малъа-хъваялги, тарихги, дие лъазе бокьарабщинабги. Чанго нухалъ цIалула дица газета ва щибаб нухалъ дида гьалда цIияб жо батула,-абун.

У, инсан цIалдезе ккола, лъай тIалаб гьабизе ккола. Лъай гьечIого столалда нахъа гIодов чIарав гIемерго цеве унаро. Рес бугебщинаб лъай босарасухъа абуни бажарула кьунщинаб суалалъе жаваб кьуни, ккаралъув ватизеги, гIаданлъун хутIизеги.

Киб, щиб кьо ккун бугониги гьеб битIизабизе вортулеб гIамал буго Эхол. Дол Болъихье бан-формированиялъулал кIанцIараб I999 соналда цадахъ Кусалаев ИсмагIилгун гьенире гIедегIана гьав. Щвана гьезул захIмальаби ругел ГIанди, АнсалтIа, Гъагьалъ росабалъе ва гьачагъазде данде хIалтIи гьабулеб штабалде. Цадахъ рукIана солдатазе росарал продуктаби ва хIажалъулебщинаби. ЦIехана кумек хIажат бугищилан, чIана гьезда аскIор, гьабуна хIажаталдалъун кумек. Гьединаб бербалагьиялъ, ишалъулъ бихьизабураб гIаданлъиялъ Эхо Камалудинов мустахIикълъана медалалъе, удостоверениягун Баркалаялъул кагъаталъе.

Гьеб гурефи I3 орден-медаль щвана Эхо Камалудиновичасе хIалтIулал саназда, 60 сонил захIмат кIодо гьабуна гIемерал ХIурматалъул грамотабаз, Баркалаялъул кагътаз, сайгъатаз. Гьев ккола РФялъул лъай кьеялъул отличник, Дагъистан АССРалъул мустахIикъав педагог, росдал лъай кьеялъул ишалъе кьучI лъурав инсан.

Ана цоялда хадур цоял гIумроялъул санал. ТIамухъе уна гьел. Эхо Камалудиновасулин абуни гьел ана унго-унголъун захIматалда тIегьги бан, гьелда пихьги бижун, ракI разилъуледухъ. КIиго васги кIиго ясги руго гьесул. Гьел ва гьезул лъималги руго эменго гIадал камилал, цIалуда, захIматалда рухьарал, халкъалъе пайдаял. Росуцоязе ва районцоязе гьев вукIана ккаралъув ватулев, вижараб ракьалъул къадру-къимат цIунарав, кьо ккараcда нахъа чIолев, гIаданлъи тIокIав инсанлъун. Гьелъ насихIатчиясухъе рачIуна захIмалъиялде ккарал росуцоял кумек гьарун. Кидаго гIаданлъиялъул нух рехичIев Эхол сахаватаб рекIелъ букIуна щивасе цIунараб хинлъи. ГIумроялъул захIматаб нухда тарал лъалкIал даимго гIолеб гIелалъе мисаллъун хутIила Эхо Камалудиновасул.

**Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 5 (7301)*
*Рузман*
*2 февраль 2018 сон*

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере




# В нашей республике готовятся к выборам Президента РФ




**В Дагестане идет подготовка к выборам Президента Российской Федерации, которые состоятся 18 марта 2018 года. Избирательная комиссия РД проводит работу по информированию избирателей о предстоящих президентских выборах.**

Работа по проведению подготовительной работы освещается на официальном сайте Избирательной комиссии РД. С 15 января 2018 года заработала «горячая линия» Избиркома РД. На телефонный номер 8(8722)67-12-45 в оперативном порядке принимаются звонки.

Информационно-справочный центр Центральной избирательной комиссии РФ 8-800-700-20-18 работает в соответствии с графиком работы ЦИК России, а в период времени с 9 марта по 20 марта 2018 года он будет работать круглосуточно.

Постановлением ЦИК России утверждены три формы избирательных бюллетеней для голосования на выборах Президента России 18 марта 2018 года.

Первая – избирательный бюллетень для голосования. Следующая форма – с использованием технических средств подсчета голосов - комплексов обработки избирательных бюллетеней. И третья – электронный избирательный бюллетень с использованием комплекса для электронного голосования.

Согласно утвержденным формам, в бюллетене указываются фамилия, имя и отчество зарегистрированного кандидата; год рождения; место жительства кандидата; основное место работы или службы, занимаемая должность (в случае отсутствия основного места работы или службы - род занятий); если кандидат является депутатом и осуществляет свои полномочия на непостоянной основе, указываются сведения об этом с указанием наименования соответствующего представительного органа.

Если кандидат выдвинут политической партией, указываются слова «выдвинут политической партией» и наименование этой политической партии в именительном падеже. Если кандидат сам выдвинул свою кандидатуру, указывается слово «самовыдвижение».

Если кандидат указал на свою принадлежность к политической партии либо иному общественному объединению, указывается наименование данной политической партии, данного общественного объединения в соответствии с Федеральным законом «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», а также статус кандидата в данной политической партии, данном общественном объединении.

Окончание сбора подписей избирателей в поддержку выдвижения кандидата 31 января до 18.00 по московскому времени. Кандидаты, выдвинутые в порядке самовыдвижения, должны собрать 300 тысяч подписей, не более 7500 подписей в одном субъекте РФ. Кандидаты, выдвинутые непарламентскими партиями, – 100 тысяч подписей, не более 2500 подписей в одном субъекте РФ. ЦИК России принимает решение о регистрации кандидатов в президенты Российской Федерации с 31 января по 10 февраля 2018 года.

Агитационный период начался со дня представления кандидатом в ЦИК России заявления о согласии баллотироваться. Предвыборная агитация на телеканалах, в печатной прессе и сетевых изданиях проводится с 17 февраля по 16 марта 2018 года. Окончание предвыборной агитации 17 марта в 00.00 часов по местному времени.

18 марта 2018 года состоятся выборы Президента Российской Федерации.

Официальная публикация результатов выборов Президента Российской Федерации в срок 3 дня со дня подписания протокола о результатах выборов.

**Территориальная избирательная комиссия Унцукульского района**

## В Избиркоме Дагестана рассказали, как заполнять бюллетени на выборах Президента

МАХАЧКАЛА, 25 января – РИА «Дагестан». В Дагестане идет подготовка к выборам Президента Российской Федерации, которые состоятся 18 марта. Узнать о проводимых подготовительных работах в нашем регионе можно на официальном сайте Избирательной комиссии Дагестана.

Как рассказали в Избиркоме, постановлением ЦИК России утверждены три формы избирательных бюллетеней. Первая – избирательный бюллетень для голосования. Следующая форма – с использованием технических средств подсчета голосов – комплексов обработки бюллетеней. И третья – электронный избирательный бюллетень с использованием комплекса для электронного голосования.

«В бюллетене указываются фамилия, имя и отчество зарегистрированного кандидата; год рождения и место жительства; основное место работы или службы, занимаемая должность (в случае отсутствия основного места работы или службы – род занятий); если кандидат является депутатом и осуществляет свои полномочия на непостоянной основе, эти сведения необходимо указать вместе с наименованием соответствующего представительного органа.

Если кандидат выдвинут политической партией, следует указать слова “выдвинут политической партией” и наименование этой партии в именительном падеже. Если кандидат сам выдвинул свою кандидатуру, указывается слово “самовыдвижение”. В случае, когда кандидат указал на свою принадлежность к политической партии либо иному общественному объединению, нужно указать его наименование в соответствии с Федеральным законом “Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан РФ”. Кроме того, следует отметить статус кандидата в этой организации», – пояснил собеседник агентства.

Отметим, что сбор подписей избирателей в поддержку выдвижения кандидата завершится 31 января до 18:00 по мск. Кандидаты – самовыдвиженцы должны собрать 300 тысяч подписей, и не более 7,5 тысяч подписей в одном субъекте страны. Кандидатам, выдвинутым непарламентскими партиями, нужно собрать 100 тысяч подписей, но не более 2,5 тысяч в одном субъекте. ЦИК России принимает решение о регистрации кандидатов с 31 января по 10 февраля.

Отметим, что предвыборная агитация на телеканалах, в печатной прессе и сетевых изданиях проводится с 17 февраля по 16 марта. Завершится агитация 17 марта в 00:00 часов по местному времени.

Официальные итоги выборов Президента страны будут опубликованы в течение трех дней со дня подписания протокола об их результатах.

Задать любые вопросы о выборах можно позвонив на «горячую линию» Избиркома Дагестана: 8(8722)67-12-45. Также избиратели могут обратиться и в информационно-справочный центр ЦИК России по номеру 8-800-700-20-18. В период с 9 по 20 марта линия будет работать круглосуточно.

## ИНФОРМАЦИЯ

Управление социальной защиты населения в МО «Унцукульский район» информирует граждан района о том, что с 1 января 2018 года вступил в силу Федеральный закон от 28 декабря 2017 года № 418 – ФЗ «О ежемесячных выплатах семьям, имеющим детей».

Ежемесячная выплата на первого ребенка осуществляется через управления социальной защиты населения, на второго – через отделения пенсионного фонда РФ за счет средств материнского капитала.

Право на получение ежемесячной выплаты в связи с рождением (усыновлением) первого ребенка возникает в случае если:

- ребенок рожден (усыновлен) начиная с 1 января 2018 года;
- является гражданином Российской Федерации;
- размер среднедушевого дохода семьи не превышает 1,5-кратную величину прожиточного минимума трудоспособного населения, установленного в субъекте РФ за второй квартал года, предшествующего году обращения за назначением указанной выплаты.

**Существенные моменты:**

1. Размер ежемесячной выплаты равен размеру прожиточного минимума для детей, установленного в субъекте РФ за второй квартал года, предшествующего году обращения за назначением указанной выплаты.
2. Ежемесячная выплата в связи с рождением (усыновлением) первого ребенка осуществляется со дня рождения ребенка, если обращение за ее назначением последовало не позднее 6 месяцев со дня рождения ребенка. В остальных случаях - со дня обращения за ее назначением
3. Ежемесячная выплата в связи с рождением (усыновлением) первого ребенка назначается сроком на один год. По истечении этого срока получатель подает новое заявление на назначение данной выплаты до достижения ребенком возраста полутора лет, а также представляет документы (копии документов, сведения), необходимые для ее назначения.

**За справками и дополнительной информацией можно обратиться по адресу: с.Унцукуль, пл. М. Дахадаева, 1 УСЗН в МО «Унцукульский район» или на номер моб. тел: 8988 779 64 86**

*ЦIатIанихъ школалдасан - харбал*

# КечI ахIулезул къецал

НурмухIамадова Раисатица араб четверталь тIобитIана школалда бищун лъикI кечI ахIулезул ва рикIкIине махщел бугезул къецал. Къецазда кечI ахIун тIоцебесеб бакI ккуна 7 классалъул цIалдохъан ХIамидова Зайнабица, кIиабилеб бакI ккуна 3 классалъул цIалдохъан МухIамадова Анжелаца ва 9 классалдаса цIалдохъан Жамалудинова Жамилаца, 3 бакI ккуна 6 классалъул цIалдохъан Г1алиханова Нуцалалъ.

Дагъистаналъул батIи-батIиял миллатазул поэтазул кучIдул рикIкIунаго лъималаз рекIехъе лъазарун ругоан гIемерал кучIдул. КечI рикIкIунезул къецалда I бакI ккуна ХIамидова Зайнабица. 2 бакI ккуна Мух1амадханова Пайнусатица I0 классалъул цIалдохъан ва Жамалудинов ГьитIинахIумица 8 классалъул цIалдохъан. Гьединго гIисинал классазул къецазулъ бергьарав, I классалъул цIалдохъан, НурмухIамадов Рамазаница гьездаса къун рикIкIинчIо «Малъе эбел рахьдал мацI»,- абураб М. Гунащевасул кечI.

## Бищунго цебетIураб класс

Араб бащдаб лъагIелалъул хIасилал данде росулаго ккана гьадинал хIасилал:

«Самый активный, самый дружный, самый успевающий класс»- абураб цIаралъе мустахIикълъана 8 классалъул цIалдохъаби. Гьединго «Самый активный и самый художественный класс»- абураб цIаралъе мустахIикълъана 9 класс ва «Самый активный класс» - абураб цIар щвана 7 классалъеги.

# ЦIияб соналда данчIвай

Хасаб къагIидаялъ гIуцIараб планалда рекъон дандчIвай гьабуна ЦIатIанихъ школалъул коллективалъ ва цIалдохъабаз цIияб 20I8 соналда. ЦIияб соналъул хIурматалда цIалдохъабазда гьоркьор лъазарун рукIана батIи-батIиял къецал. «ЛъагIалил гIаламат» абураб сурат бахъиялъул къецазулъ гIисинал классазда гьоркьоб бергьенлъи босана 2 классалъул цIалдохъан Жамалудинова Анжелаца, 2 ккуна НурмухIамадов Рамазаница I классалъул цIалдохъан, 3 бакI ккуна 3 классалъул цIалдохъан МухIамадов ГIабдулагьица.

ЧIахIиял классазда гьоркьоб «Хасалил гIаламат» абураб сураталъе I бак I щвана I0 классалъул цIалдохъан МухIамадханова Пайнусатие, 2 бакI щвана Жамалудинова Жамиляе.

Гьединго суратал рахъизе жидер бугеб махщел загьир гьабун букIана 5-9 классазул киналго цIалдохъабаз. Гьезда гьоркьоб батIалъи батизе цIакъ захIматго букIана жюриялъе. Гьезда гьоркьоб бищун лъикIаблъун рикIана 9 классалъул цIалдохъан Ибрагимхалилова Зулейкаца бахъараб «ТIогьилаб» гьоялъул сурат.

«Къадал газета»-абураб конкурсалда бергьенлъи босана 5 классалъ (гьоркьохъел ва чIахIиял классазда гьоркьоб) I бакI щвана 9 классалъе.

ЦIияб соналъул церерахьин, 5-9 классазда лъикIго хIадурун букIана художественнияб кружок бачуней НурмухIамадова Раисатица. РекIее асар гьабулел сценариял рук1ана I-4 классазул. Бищунго лъикIаблъун букIана 3 классалъул церерахьин ва гIемерго нахъе ккараб букIинчIо хутIарал классазулги.

Класс бачунезул ва школалъул техническиял хIалтIухъабазул кумекалдалъун лъималазе хIадурун букIана хасаб къагIидаялъ къачIараб класс ва елка. Бергьаразе кьуна грамотаби.

Тадбир тIаде рачIаразе ва улбузе рекIее асар гьабуледухъ гIуцIун букIана.

# *Школа чIухIарал цIалдохъаби*

Т1оцебесеб классалдаса нахъе гIицIго 4-5 къиматазда цIалулел руго 9 классалъул цIалдохъаби Жамалудинова Жамиля ва МухIамадбегов Заур. Кинал ругониги школалъул гIумроялъул жавабиял ишазулъ цо хасаб бутIа гьел цIалдохъабаз ккола. Масала, школалда тIоритIулел олимпиадабазул церехъаби гьел ккола. Араб соналда географиялъул районалъул олимпиадаялда Заурие щвана тIоцебесеб бакI. ЦIалулъ гуребги кидаго киналго школалда тIоритIулел тадбиразулъ цебесеб кьерда рукIуна гьел.

Жамиля мустахIикълъана чанго соналъ районалда ва республикаялда тIоритIарал класс тун къватIирехунисел конкурсазул грамотабазе ва баркалабазе. Араб соналда тIобитIараб «Меседилаб хасалихълъи»,- абураб конкурсалда школлъималаз ва учительзабаз гIуцIараб альбомалъе щвана тIоцебесеб бакI. Альбом гIуцIулаго Жамиля Жамалудиновалъ цIикIарасеб хIалтIул жавабчилъи борхана. Исанисеб цIалул соналдаги Жамиляе творческияб хIалтIухъ щвана кIиабилеб бакI. Гьел цIалдохъабаздаса ва гьезул лъаялдаса разиго руго школалъул нухмалъулел.

**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

Утерянный лист нетрудоспособности под № 284155640370 во врачебной амбулатории пос. Шамилькала от 19. 01. 2018 г. с сегодняшнего дня считать недействительным

*Божизе захIматаб лъугьа-бахъин*

# Доб дуняладасан «салам»

Россиялъул гьитIанабго шагьаралда инсул хоб сверун къараб чалиялда къасдеялде краска бахун лъугIана Антонил. РакIалдаго гьечIого тIенкIезе лъугьана цIад. ГьебсагIат бахъана телефоналъул гьаракьги. «АскIосан вачIунев вуго, мунги рокъове вачун бажарула»,-ян ахIана цадахъ армиялда хъулухъ гьабурас. Гьудуласда дагьаб мехалъ чIаянги абун Антоница жиндирго къайи-цIа рюкзакалъубе бакIарана ва хабалаби къотIун къватIиве гIедегIана. Шоферасда аскIов Антон гIодов чIараб мехалъ цIадаца «бухулеб» букIана машинадул тIох. Антонида ракIалде ккана мобильниялъ рокъобе ахIизе, киналго кусби хъирщана, гьечIо телефон. Щакълъи букIинчIо телефон хабада хутIун букIиналда. Хьул лъолеб букIана кIалъайдал гьелъ халатал гудкаби кьолел рукIиналъ, гьелъ бицунеб букIана телефон гIажаибго биччичIого ва кумекалъухъ балагьун букIин.

Нахъ руссун хабалазул кIалтIе гIолилал щвана кватIун. Векерана хабалазул бакьулъан живго вукIараб бакIалде. Хваразда гьоркьов живго вукIиналъ кигIанго хIинкъаниги хираго босараб телефон тIагIине гьесие бокьун букIинчIо. Гьоркьо-гьоркьоб гьалмагъасул трубкаялъ гьас кьурулаан тIагIараб телефоналде, гьелдасан жаваб гьечIел гудкаби рагIулел рукIана.



Инсул хабада гьеб батичIо. Антоница цIида сан кьурана номер. ГIажаиблъи гьабизе ккараб жо, бачIинахъего бигьа гьабун, хадуб бахъинабун сиреналъул хъархъал ругеб бакIалдасан рагIизе лъугьана гIагараб музыка. Вохун Антон доре-гьанире хъархъалги ри-кьизарун гьаракь бугеб рахъалде вортана. Гьениб бихьана бихьинчIиясул сурат зонода чIвараб цIияб хоб. Гьелда бугеб хъвай-хъва гIай цIализе лъугьинчIо гьав. ГIажаиблъизаву-на цойги жоялъ. Телефоналъул гьаракь букIана ракьулъан, ай хобалъусан.

ХIинкъарав ва гIажаиблъарав Антон лъутун виччан тана, щуго минут иналде гьев хабалги тун машинаялъув вукIана.

Рокъове щваравго Антон бачIинахъего цойги трубкаялъусан кIалъана операторасухъе ва гьарана доб sim – карта заблакировать гьабеян. Радал босана цIияб номер ва трубка.

Нахъисеб къоялъ къачIазе кьураб жиндирго автомобиль нахъе бачана ва хIалтIуде гIедегIана. РакIалдаго гьечIого бахъана трубкаялъул гьаракь, балагьидал Антон цIоро-гьорон хутIана, дисплеялда букIана доб номер.

«Антон»,-ян абуна гьварун, амма бичIчIулеб гьаракьалъ. «Хехго гIодобе баче скорость ва обочиналда чIа!».

Гьас гьаракьалъул бихьизаби тIубазабуна гипнозалде гьоркье ккарав чияс гIадин. 20 минуталдасан трубка цIидасанги чIаголъун бачIана. –«Гьанже а хIалтIуде». Жакъа дур лъикIаб рес буго гьекъезе. –«Щив мун?»,-ян хIинкъуца холаго ахIана гьас. Амма гьебсагIатго бухьен гьоркьоса къотIана.

Щуго минуталдасан шоссеялда бихьаралъ гьав унго-унголъунги тамашалъизавуна. ЦIияб



накIкIуяб «Опелалъусан» къватIибе даларáб багажник букIана кIудияб трайлералда гьоркь, кинаб букIаниги щаклъи букIинчIо «Опелялъул» водитель хун вукIиналда.

Кинго гьесда гьеб къоялъ хIалтIизе кIвечIо. Нухмалъиялда гьарана хIалтIудаса виччай,-ян.

Къаси гьав битIахъе макьида восараб, сордо бащалъараб гIужалда цIидасанги бахъана мобильникалъул добго лъалеб гьаракь. «Антон»,-ян ахIана добго гьаракьалъ.

– Дов водителасул бакIалда вукIине кколаан мун. Гьанже кIвар кьун дихъ гIенекке. Гьабуралъухъ данде лъикIлъи гьабизе ккола. Дида цIар буго Миша. Метер а. Гьаниб гьас бицана адрес. –Ва Людмила Николаевналда абе камень бугеб баргъич бугин гаражалъуб, тайникалда жаниб, верстокалда гьоркь, гьелда абе Владимирие росасе а,-ян. –Цойги гьелда абе эбел хехго онкологасухъе ячине кколин.

Мишаца бицараб квартираялъув Антон рикIкIана бетIер сверарав чилъун. Бихьинчиясул сабру гIуна хозяйка гIодое юссинайизе ва гьей ккарабталалъухъ гIенеккизайизе. –Бокьани божа, бокьани божуге. Кисанха дида, нуж лъаларев чиясда нужер хъизаналъул рахъалъ гьадинал мухIканлъаби лъазе рес бугеб?

Хадусеб къоялъго Людмила Николаевна сородулеб гьаракьалъ кIалъан гьасда лъана фамильнияб баргъич хIакъикъаталдаги гаражалъуб бати, эбелалъул каранда онкологасда «узелокги» батанин бицана гьелъ.

«ГIинтIаме, Антон,-ян гьарана Людмилаца,- цойги духъе Миша кIалъани, абе нижеда тIаса лъугьа,-ян… Досда лъала сундасаяли… Дие вокьулаан гьев ва кидаго кIочон теларо, лъиениги росасеги инаро. Гьикъе гьесда щай гьеб кинабго дида лъазабичIеб?»,-абун.

Миша кIалъан вачIана битIун сордо бащалъараб гIужалъ. «Антон»,-ян байбихьана гьес кидаго гIадин. – Дида кинабго лъала. Баркала. Людмилада абе дие бокьун букIанин гьелда макьилъ вихьизе, амма киналго каналал рахан рукIанин. ГIадада ана гьей балъго лъалезухъе. Росасе а,-ян абе. Гьеб буго гьелъул къисмат. Дуца дурго кандидатура конкурсалде кьуни, гIагараб заманалда дуе банкалда вакансия рагьила….».

Гьениб доб дунялалъулгун бухьен къотIана. ТIокIалъ Миша киданиги кIалъан вачIинчIо. Чанго къойидасан Антоние кредитнияб отделалъул начальникасул замасул лъикIаб харжги бугеб, киданиги гьесда макьилъ бихьулареб гIадаб хIалтIи щвана.

***Интернеталдаса***


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 1. 2. 18 г. 16. 40
фактически -17. 50 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.